





## CHIKAFU CHEZVIPFUWO

Mombe dzinopiwa chikafu chezvipfuwo dziri mumatanga kana muma padhoki panguva yekuti kunenge kune chikafu chishoma dzinenge dzine hutano hwakanaka uye dzinoberekana dzichiwanda zvekare dzinotengeseka nemutengo wepamusoro.


### ZVAKANAKIRA HURONGWA HWE KUPA ZVIFUWO CHIKAFU (FODDER)



1. Kurera Mombe dzine hutano (huru uye dzakasimba).
2. Mombe ne zvipfuwo zvine utano hazvibatwe ne zvirwere pese pese uye zvine masoja ekudzivirira zvirwere.




3. Mombe dzinowedzera uremu uye kukura nekukurumidza (kubva pa 800 grams kusvika ku 150 grams pazuva).



4. Kuderedza kufa kwezvipfuyo.
5. Mhou dzine hutano dzinobereka gore ne gore.
6. Mabhuru anoberekesa zvakananyanya.
7. Mombe dzinowana kudya kune hutano dzinoita mazamu muhwindu hwadzo dzobereka mhuru dzakasimba uye dzakasvika zvekare zvinobatsira kuderedza kufa kwemombe dzichibereka pamwe nekusvodza.



8. Zvinobatsira kuwedzera huhwando hwemukaka (panogona kukamwa 8 litres pachinzvimbo che 5 litres)



9. Mombe dzine hutano hwakanaka dzinenge dzine simba pakurima ne geo.



10. Mombe dzakasimba, huru dzinotengwa nemutengo wakanaka pamusika.
11. Mombe dzenyama dzinoburitsa nyama yemhando yepamusoro zvekuti inotengeseka nemari yakawanda pamusika zvinobva zvaita kuti murimi awane mari yakawanda pamusoro pemari yaakadyara muhizimusi .








# FEED THE FUTURE

The U.S. Government's Global Hunger & Food Security Initiative


## Zvirimwa zvinowanwo shandiswa mukugadzira chikafu chezvipfuyo ndezvinotevera:

1. **Legumes:** bhinzi dzevelvet, lab, pigeon pea, caccia, silver leaf, nyemba, fine hem nefine stem stylium
2. **Miti:** leucaena, caliandra, mulberry uye acacia
3. **Zvirimwa nehuswa:** Tsvigiri, chibage, mhunga, mapfunde, nzimbe, bracheria, rye grass, star grass, panicum ne banana grass.
4. **Zvinosaririra muminda pazvirimwa:** madzinde ezvirimwa
5. **Mafuro:** Uswa nemadzinde ebinzi nezvimwe pamwechete nemiti inosanganisira mhodzi dze acacia, costachys, nemasekesa


### 1. LEGUMES



### 2. MITI




### 3. ZVIRIMWA NEHUSWA




### 4. ZVINOSARIRIRA



### 5. MAFURO




Zvirimwa zvinosiyana pakuwanisa zvinovaka muviri semuenzaniso bhinzi dzinowanisa ma protein, ukuwo huswa / zviyo zvinowanisa simba nefiber mumuviri.



## Kudyara zvirimwa zvinoshandiswa mukugadzira chikafu che mombe nezvipfuyo

1. Zvakakosha - kugara wakagadzirira zvembari, kutsvaga vanobatsira mukuita basa uye kuunganidza zvekushandisa zvakakwana.
2. Kudyara nekukasika musu wa 15 Mbudzi usati wadarika kuitira kunaya kwemvura mumwaka - zvirimwa zvizhinji zvemafuro zvinotora nguva yakareba.
3. Murimi akazvipira kugadzira chikafu chemombe nezvimwe zvipfuyo anopfuya zvipfuyo zvine hutano.



## Kuchengeta Chikafu chezvipfuyo

1. Chinhu chakakosha kubudirira kwekugadzirwa kwechikafu chezvipfuyo.
2. Zvinochengetedza hutano ne mhando yakavandudzika
3. Nzvimbo yakafanira yekuchengetera chikafu chemombe nezvipfuyo inzvimbo inenge ine shedhi ine denga pamusoro yakavakwa nezvidhinha uye muchikwanisa kutenderera mhope zvakanaka



**USAID**  
FROM THE AMERICAN PEOPLE

Gwaro rino rakagadzirwa kuburikidza nerubatsiro kubva kvanhu veku America uye rutsigiro rwemari kubva kusangano re Feed the Future nere USAID.